



## KIJAN POU W PREPARE POU KOLONOSKOPI DEPISTAJ OU AN

Li enpòtan pou entesten ou yo netwaye nèt avan ou fè yon kolonoskopi. Sa pral pèmèt medsen ou an wè pawa kolon an byen epi bay pi bon kalite rezulta dyagnostik. Preparasyon entesten sa a egzije yon chanjman tanporè nan rejim alimanè ak medikaman, epi jeneralman li kòmanse yon jou avan pwosedi ou a.

Yon enfimyè ap rele w avan kolonoskopi depistaj ou an. Asire w ke ou gen yon lis konplè ak tout medikaman ou gen ki disponib yo lè w ap pale ak enfimyè a. Enfimyè a pral ede detèmine kilès nan opsyon preparasyon entesten sa yo ki pral pi bon pou ou, ak pou w jwenn yon preskripsiyon, si sa nesesè.

Si yo pa rele w epi li gentan fè 24 èdtan avan pwosedi ou an, tanpri rele 561-732-5900, epi mande pou w pale ak yon enfimyè konsènan kolonoskopi depistaj ou an.

### JOU PWOSEDI A:

Yo ka rekòmande pou w pran kèk nan medikaman ou yo, tankou medikaman pou maladi kè, tansyon, respirasyon, oswa kriz, nan maten egzamen ou an ak yon ti góje dlo. Enfimyè pou prepasyon avan operasyon an pral pale sou bagay sa yo avèk ou.

PIGA ou fimen sigarèt oswa sigarèt san lafimen.

## GOLYTEL®

### JOU AVAN PWOSEDI W LA

Ou pral sou yon rejim alimanè likid transparan pandan tout jounen pwosedi a.

Likid transparan se dlo, te, ji pòm, soda jenjanm, 7-Up, Mountain Dew, Jell-O (jòn oswa vèt sèlman), ak soup poul oswa soup bèf.

A 4 p.m. A 4trè nan apremidi, pran yon gress Dulcolax ak 8 ons dlo. Ou pral achte sa apa.

Ranpli resipyen an plastik ki gen poud lavman an (Golytely) ak dlo, jan yo di a.

A 6 p.m. kòmanse bwè  $\frac{1}{2}$  boutèy Golytely a, yon (1) vè chak 10-15 minit.

A 10 p.m. bwè yon vè Golytely chak 10-15 minit jiskaske lòt mwatye likid la fini.

### PA MET ANYEN NAN BOUCH OU APRE MINWI.

Nan maten nan pwosedi a, si ou pran medikaman pou maladi kè, tansyon, kriz, oswa pou respirasyon, ou pral pran l ak yon ti góje dlo.

### OU PA GEN DWA KONDWI YON MACHIN JOU PWOSEDI A!

**Paske ou pral pran yon kalman, ou p ap ka ni kondwi, ni mache, ni pran transpò publik pou ale lakay ou. Tanpri fè yon jan pou w ka jwenn yon fanmi oswa yon zanmi ki ka rete nan lopital la avèk ou pandan tout pwosedi ou an, epi ki ka kondwi w lakay ou.**

\*Enstriksyon sou preparasyon yo jan sa ye pi wo a, amwenske medsen tretan ou an endike sa yon lòt fason.\*

### REJIM ALIMANTÈ AK LIKID TRANSPARAN

- Dlo (senp, gazez oswa sa yo mete gou ladan)
- Ji pòm oswa rezen blan
- Bwason ki gen fwi yo bay gou, tankou limonad
- Bwason gazez, ki gen ladan kola koulè fonse (kola oswa "root beer")
- Jell-O (pa pran sa ki wouj oswa mov)
- Te oswa kafe san lèt oswa krèm
- Bwason pou moun ki fè espò, tankou Gatorade (pa pran sa ki wouj oswa mov)
- Soup ki transparan, san matyè gra (bouyon)
- Myèl oswa sik
- Sirèt di, tankou sirèt gou sitwon oswa boul mant
- Pipòp sikre ki pa gen lèt, moso fwi, gress oswa nwa (pa pran sa ki wouj oswa mov)

PA:

- Bwè lèt oswa pwodwi letye
- Manje oswa bwè nenpòt bagay ki gen koulè wouj, mov, oswa ble
- Bwè bwason ki gen alkòl
- Bwè soup ki gen vyann, nouy oswa legim
- Bwè okenn bagay ki gen ma tankou ji zoranj oswa ji sitwon

### YON TI MESAJ POU PASYAN KI GEN DYABÈT YO:

Kapab gen chanjman nan medikaman ki regilyèman pwograme yo. Enfimyè pou prepasyon avan operasyon an pral pale sou bagay sa yo avèk ou.

### PWOSEDI OU AN PWOGRAUME POU DAT SA A:

LÈ POU W PREZANTE W: \_\_\_\_\_

## THE OUTPATIENT CENTER OF BOYNTON BEACH

### KONSÈNAN SANT LA

Coral Ridge Outpatient Center ofri yon anviwònman bon kalite, ki oryante sou sèvis pou operasyon ou an.

### MISYON

Misyon nou se pou pran swen tout pasyan ak fanmi yo tankou se te fanmi pa nou. Chak pasyan, chak fanmi, chak gress fwa.

### ADRÈS

2351 South Seacrest Blvd.  
Boynton Beach, Florida 33435

### TELEFÒN

561-732-5900

### SITWÈB

[outpatientcenterofboyntonbeach.com](http://outpatientcenterofboyntonbeach.com)



Outpatient Center of Boynton Beach rèspekte lwa federal konsènan lwa federal sou dwa sivil ki aplikab epi li pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, orijin nasional, laj, andikap, oswa sèks.

Outpatient Center of Boynton Beach se yon etablisman kote medsen gen aksyon oswa envesti nan sant la. Lis medsen ki pwopriyetè oswa envestisè yo disponib pou ou lè w mande sa.

## DEPISTAJ BONÈ SOVE LAVI



### DEPISTAJ DIRÈK PWOGRAM KOLONOSKOPI® YON SANT ANBILATWA NAN BOYNTON BEACH

KANSÈ KOLOREKTAL SE #2 KANSÈ KI TOUYE PLIS MOUN OZETAZINI. BON NOUVEL LA?

### LI FASIL POU ANPECHE L EPI GEN ANPIL CHANS POU GERI L SI YO DETEKTE LI BONÈ NAN YON KOLONOSKOPI DEPISTAJ.

Nou te fè pwosedi ki ka sove lavi moun san tèt chanje avèk Firect Screen Colonoscopy Program® nan Sant Anbilatwa A nan Boyton Beach.

Yon kolonoskopi se yon tès dyagnostik senp, tès ki pèmèt doktè ou an egzamine tout kolon an.

Ou pral alèz sou kalman pandan pwosedi a ki jeneralman pran apeprè 30 minit. Pifò pasyan di yo gen yon eksperians pozitif epi yo ka retounen nan aktivite ak rejim alimantè nòmal yo nan demen.

Direct Screen Colonoscopy Program® fè li pi fasil pou w fè kolonoskopi despitaj ou an kote yo kite pasyan ki ansante ak gen laj apwopriye pase nan pwosedi preparasyon an avèk yon espesyalis. Yon reprezantan pral rele nan lopital la pito pou pran randevou pou pwosedi ou an, pran istwa medikal ou, montre w kijan pou w prepare, epi reponn nenpòt kesyon ou genyen. Apresa, ou prale dirèkteman nan Center of Boyton Beach Ridge nan jou ki pwograme a kote kolonoskopi ou an pral reyalize pa youn nan espesyalis nou yo ki wotman kalifye.

### MEDSEN KOLONOSKOPI DEPISTAJ YO



MEDSEN  
MATTHEW  
BROMER

MEDSEN  
HILLEL  
COHEN

MEDSEN  
MARK  
DOSCH

MEDSEN  
SHERRY  
ELLIS

MEDSEN  
BARRY  
GACH

MEDSEN  
EDWARD  
HORVATH

MEDSEN  
MARISA  
KESSELMAN

MEDSEN  
RONALD  
LEVY

MEDSEN  
DANIEL  
MCGUIRE

MEDSEN  
RICHARD  
MILGRIM

MEDSEN  
SOHAİL  
SHAIKH

MEDSEN  
NIRMALA  
SHANMUGAM

MEDSEN  
JOSHUA  
STERN

MEDSEN  
ANTHONY  
STRIPPOLI

MEDSEN  
BRADLEY  
TOWBIN

MEDSEN  
MICHAEL  
URBAN